

BIWO SÈVIS VIKTIM ETA
NEW YORK

► **ÈD,
GERIZON,
AK
LESPWA**



Sibi yon krim kapab kòmansman yon pwosesis long ak difisil pou viktim yo ak sivivan yo, fanmi yo ak zanmi yo. **Biwo Sèvis Viktim Eta New York (Office of Victim Services, OVS)** la pran angajman pou l ede w jwenn gerizon ak lespwa lè w plis gen bezwen sa.

Efè tout kalite jan krim ka lakòz **estrès fizik, medikal, finansyè ak emosyonèl** pou moun ki konn sityasyon sa yo. **Li posib pou ou:**



Konekte ak pwogram oswa founisè ou pa t janm rankontre.



Aprann sou resous ou pa t konnen ki te egziste.



Kolabore ak yon sistèm jiridik ki konplèks.

SIPÒTE VIKTİM AK SIVIVAN YO

Si w sibi krim se pa fòt ou. Kit ou te sibi yon krim, ede moun retabli aprè krim, oswa ou vle sipòte yon moun ou renmen, **ou pa poukont ou.** OVS ka ede ou **oryante ou nan sistèm konplèks yo** pandan w ap travèse sityasyon difisil yo.



Sèvi ak pwòp lajan ou pou pwoblèm ou pa t janm imajine ou ta ka genyen.



Fè fas ak santiman nouvo oswa inatandi.



Enkyete w pou sekirite ou ak sekirite pwòch ou yo.



Pa konn kiyès pou fè konfyans.

OVS gen resous ki ka ede w.

Ou ka ale nan OVS pou jwenn resous ak konpansasyon aprè **ou fin sibi yon krim.**

OVS ka bay **asistans finansyè ak ranbousman pou moun ki elijib ki te sibi krim pou depans yo te fè** tankou frè medikal ak konsèy, dispozisyon fen lavi ak depans pou fineray, pèt salè, ak plis ankò.


OVS **finanse ak sipòte tou plis pase 200 pwogram asistans pou viktim (Victim Assistance Programs, VAP)** atravè Eta New York, ki bay sèvis tankou konsèy, defans,abri ijans, asistans demenajman, ak plis ankò.

Rapèl

Se OVS ki finanse VAP yo, li ofri **sèvis gratis epi konfidansyèl.** Si ou te sibi yon krim, ou pa bezwen rapòte li bay lapolis pou **jwenn sipò nan men yon VAP.**

Kontakte yon pwogram, oswa VAP, se premye etap pou w decide si fè yon reklamasyon pou konpansasyon ak OVS se yon bon bagay pou ou.

VAP yo gen defansè viktim, travayè sosyal, avoka, ak lòt moun ki kalifye ki ka ede w. Yo ka **bay asistans imedya** ak moun ki sibi krim nan tout zòn nan Eta New York la. VAP yo ka ede w **konnen dwa w, konprann avantaj ak resous** ki ka ede w, epi **ranpli yon aplikasyon pou konpansasyon nan men OVS.**



Pou **jwenn yon VAP** touprè ou, eskane pou jwenn plis enfòmasyon oswa vizite sit entènèt OVS Resource Connect la nan:

ovs.ny.gov/connect

Moun ki sibi krim souvan fè fas a depans menm **aprè yo fin fè reklamasyon** oswa fin itilize lòt sous ranbousman. **Se nan moman sa a OVS ofri asistans li.**

OVS ka anmezi pou ranbouse:



Frè medikal
ak konsèy.



Pèt oswa domaj
pwopriyete pèsone
ki enpòtan pou sante,
sekirite, ak byennèt.



Dispozisyon fen
lavi ak depans
pou fineray.



Pèt salè
oswa sipò.



Transpò pou ale
nan randevou
tribinal oswa nan
randevou medikal.



Frè demenajman
oswa frè
reyenstalasyon.



Aparèy sekirite
domestik ak
enstalasyon.



Restorasyon
pwopriyete oswa
espas kote yo te
komèt yon krim.



Lòt depans elijib yon
krim te lakòz.

Viktim, sivivan oswa pwòch yo ka ranpli **yon aplikasyon pou reklamasyon pou konpansasyon OVS** si yo **te sibi yon krim nan Eta New York** oswa si yo se rezidan Eta New York ki te enplike nan yon atak teworis andeyò peyi a.

APLIKE POU KONPANSASYON

Fason ki pi rapid ak pi fasil pou ranpli yon aplikasyon pou reklamasyon OVS se **konekte ak yon pwogram**, oswa VAP. Ou kapab tou ranpli aplikasyon an sou entènèt.

PWOTEJE ENFÒMASYON OU YO

OVS konnen enpòtans pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo bay nan fòm aplikasyon yo. Dokiman OVS mande pou reklamasyon yo **konfidansyèl epi yo ekskli nan divilgasyon** ak eksepsyon trè limite, tankou:

- » Demann lapolis pou rezon lejitim jistis kriminèl.
- » Lòd jidisyèl.
- » Rezon ki nesèsè pou OVS trete demann ou an byen vit epi avèk efikasite.


Si oumenm oswa yon moun ou te sibi yon krim, OVS ka ede.



OVS Resource Connect se yon motè rechèch ki ka ede w jwenn VAP ak defansè selon zòn, ansanm ak lòt resous itil ki òganize selon sijè.

Eskane pou jwenn plis enfòmasyon oswa vizite:

ovs.ny.gov/connect



Eskane pou jwenn plis enfòmasyon oswa vizite sit entènèt OVS la:

ovs.ny.gov


Voye imèl bay OVS nan: ovsinfo@ovs.ny.gov
Rele OVS gratis: **1-800-247-8035**

Biwo OVS nan Albany

80 S. Swan Street, 2nd Floor
Albany, NY 12210

Biwo OVS nan Brooklyn

55 Hanson Place, Room 1000
Brooklyn, NY 11217



Office of
Victim Services